# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–04 जुलाई 2026** **भोजपुरी समाचार**

अजोध्या क श्रीराम जन्मभूमि तीर्थ क्षेत्र ट्रस्ट सोम्मार, छौ जुलाई के अपने सदस्यन क बइठकी बोलवले हौ, जेहमें ट्रस्ट के ओरि से मिलल दान के गिनती क जांचि कइ रहलि टीमि–एसआईटी के निस्कर्सन के सथहीं कई गो महत्वपूर्ण प्रसासनिक आ वित्तीय मामिलन पर बिचार–बिमर्स कइल जाई। अट्ठाइस जून के जारी एगो आधिकारिक नोटिस के मोताबिक ट्रस्ट के अध्यक्ष के मंजूरी से कोसाध्यक्ष स्वामी गोविंद देव गिरि के ओरि से बइठकी बोलावल गइल हौ। ई बइठकी मणि राम दास छावनी अजोध्या धाम में आयोजित कइल जाई। बइठकी के कार्यसूची में महासचिव चंपत राय आ न्यासी डॉक्टर अनिल मिश्रा के ओरि से प्रस्तुत त्यागपत्र पर बिचार कइल सामिल बा। सदस्यन के ट्रस्ट के दान पेटियन के जरिया से मिलल दान क गिनती के सम्बन्ध में एसआईटी क आखिरी रिपोर्ट के बारे में जनकारी दीहल जाई।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के निरदेस पर राजस्व परिषद सार्वजनिक महत्व के भूमि से जुड़ल मामिला क जल्दी आ गुणवत्ता के साथे निस्तारण बदे बड़हन फैसिला कइले हौ। अब आरक्षित श्रेणी क भूमि, सासकीय भूमि, ग्राम सभा, नजूल, निस्क्रांत सम्पत्ति आ सत्रु सम्पत्ति से जुड़ल सज्जो बाद क सुनवाई तीनि सदस्यीय बिसेस पीठि के ओरि से कइल जाई। राजस्व परिषद क अध्यक्ष अर्चना अग्रवाल बतवलिनि कि ई व्यवस्था जुरते लागू कइ दीहल गइल हौ। एकरे तहत लखनऊ आ प्रयागराज के राजस्व परिषद न्यायालयन में येह श्रेणी क सज्जो लम्बित आ नया वाद अब खास तौर से गठित तीनि सदस्यीय पीठि के समक्ष प्रस्तुत कइल जइहें। येह बिसेस पीठि के ओरि से हर बुध के नियमित रूप से येह मामिलन क सुनवाई कइल जाई।

**********

भाजपा क राष्ट्रीय अध्यक्ष नितिन नबीन आजु उत्तर प्रदेस के अपने दुइ दिन के दौरा पर लखनऊ पहुंचलें। लखनऊ पहुंचले पर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ, भाजपा क प्रदेस अध्यक्ष आ केन्द्रीय वित्त राज्यमंत्री पंकज चौधरी, केन्द्रीय ग्रामीण विकास राज्यमंत्री कमलेश पासवान, प्रदेस क दुन्नो उप मुख्यमंत्री केशव प्रसाद मौर्य आ ब्रजेश पाठक के सथहीं कई गो मंत्री अउर पारटी क पदाधिकारी लोगि उनकर स्वागत कइलें। राष्ट्रीय अध्यक्ष, राज्य भाजपा अध्यक्ष पंकज चौधरी के साथे लखनऊ में रोड–सो कइलें। येह दौरा के दौरान उहां के पारटी क बरिस्ठ नेता आ पदाधिकारी लोगिन के साथे कई गो संगठनात्मक बइठकी करबि।

**********

उत्तर प्रदेश शिक्षक पात्रता परीक्षा–यूपीटीईटी क तिसरका अउर आखिरी दिन क परीक्षा आजु सान्ती के साथे पूरा हो गइल। आखिरी दिन्ने खाली एक पाली में परीक्षा क आयोजन कइल गइल। एगो रिपोर्ट–

**उत्तर प्रदेश शिक्षा सेवा चयन आयोग की ओर से आयोजित तीन दिवसीय यूपीटीईटी परीक्षा को पारदर्शी और शुचितापूर्ण तरीके से कराने के लिए सुरक्षा के व्यापक इंतज़ाम किए गए थे। परीक्षा के दौरान आयोग की ओर से इंटीग्रेटेड कंट्रोल कमांड रूम से सभी परीक्षा केंद्रों की एआई कैमरों से निगरानी सुनिश्चित की गई। आयोग के अध्यक्ष डॉ. प्रशांत कुमार ने कहा है कि यूपीटीईटी परीक्षा में शामिल अभ्यर्थी किसी भी अफवाह पर ध्यान न दें। किसी भी अग्रिम सूचना के लिए आयोग की अधिकृत वेबसाइट पर नजर बनाये रखें। समाचार कक्ष से रितेश।**

**********

प्रदेस में इलेक्ट्रिक व्हीकल–ईवी चार्जिंग के बढ़ावा देवे खातिर सोलर आवर्स में बीस फीसदी टैरिफ छूट क व्यवस्था लागू कइल गइल हौ। ऊर्जा मंत्री ए.के. शर्मा एके पर्यावरण संरक्षण के दिसा में खास कदम बतावत कहलें कि एहसे स्वच्छ आ हरित ऊर्जा के उपयोग के प्रोत्साहन मिली। टैरिफ में ई छूट सबेरे नौ बजे से संझा चारि बजे ले मिली।

**********

प्रदेस सरकार 'एक जनपद एक व्यंजन' योजना के अंतर्गत लौंगलता के वाराणसी जिला खातिर चुनले हवे। येह व्यंजन के भौगोलिक पहिचान–जीआई टैगो हासिल बा। वाराणसी क उपायुक्त उद्योग अभिषेक प्रियदर्शी बतवलें कि योजना में सामिल भइले से बनारसी लौंगलत्ता के कारोबार से जुड़ल लोगिन के प्रोत्साहन मिली।

**सरकार ने एक जनपद, एक व्यंजन के रूप में बनारसी लौंगलता को जो कि 2025 में भौगोलिक संकेतक यानी जीआई टैग प्राप्त है को सम्मिलित किया है। इससे यहाँ के जितने भी लोग जो बनारसी लौंगलता बनाते हैं, उसको आगे बढ़ाने के लिए सरकार योजनाएँ ला रही हैं। उस योजना में पहला है उनको ऋण दिया जाएगा, जिसमें उनको 25 प्रतिशत की छूट मिलेगी सरकार के द्वारा।**

**********

सोसल मीडिया पर ई दावा कइल जा रहल हौ कि बीस फीसदी एथेनॉल मिलल ईंधन से गाड़ियन क माइलेज कम हो जाला, जवन की गलत आ भ्रामक बा। ऑटोमोटिव रिसर्च एसोसिएशन ऑफ इंडिया बड़हन पैमाना पर परीक्षण कइलस। येह परीक्षण में गाड़ियन के ईधन दक्षता पर कउनों खास असर नाहीं देखल गइल।

**********

राज्य के मध्य आ पच्छिमी इलाकन के कुछु जिलन में आजु मॉनसूनी बरखा भइल, ओहीं गोरखपुर के सथहीं पूरबी जिलन में उमस भरल गरमी परल रहल। मौसम विभाग प्रदेस के पूरबी इलाकन में बिहनहूं उमस भरल गरमी परले क अनुमान जतवले हौ।

**********